दिन–शुक्र　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　दिनांक–26.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ　　　　　　　　　　　　　　　　　　　　अवधि– 05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक दोसरचरण मे बिहारक पांच संसदीय क्षेत्र– किशनगंज, कटिहार, पूर्णियाँ, भागलपुर आ बांका मे कड़गर सुरक्षाक मध्य मतदान शांतिपूर्वक सम्पन्न भऽ गेल। सांझ पांच बजे धरि लगभग तिरेपन प्रतिशत सँ बेसी मतदाता अपन मताधिकार का प्रयोग कयलनि। किशनगंज मे सभ सँ बेसी छप्पन प्रतिशत सँ बेसी मतदान भेल। ओतहि, कटिहार मे पचप दशमलव पाँच–चारि आ पूर्णियां मे पचपन दशमलव एक–चारि प्रतिशत मतदान रिकॉर्ड कयल गेल। बांका मे लगभग पचास जखनकि, भागलपुर मे सैंतालीस प्रतिशत सऽ बेसी मतदाता भोट खसौलनि। आजुक मतदानक बाद तीन महिला उम्मीदवार सहित पचास उम्मीदवारक भाग्यक निर्णय ईवीएम मे सील भऽ गेल। एहि चरण मे राज्यक एक लाख सैंतीस हजार सात सय तैंतीस मतदाता पहिल बेर मतदान करताह। सोलह निर्दलीय प्रत्याशी सेहो चुनाव मैदान मे छथि। सभ सँ बेसी बारह–बारह प्रत्याशी किशनगंज आ भागलपुर मे छथि, जखनकि सभ सँ कम सात प्रत्याशी पूर्णियां मे छथि। एहि चरणक सभ पाँच सीट पर एनडीएक दिस सँ जदयूक प्रत्याशी चुनाव मैदान मे छथि जखनकि इंडी गठबंधन मे सम्मिलित दल कांग्रेसक तीन आ राजदक दू प्रत्याशी चुनावी मोकाबिला मे छथि।

---

किशनगंज आ पूर्णियां संसदीय क्षेत्र मे त्रिकोणीय मोकाबिला अछि। जखनकि भागलपुर, बांका, आ कटिहार मे एनडीए आ महागठबंधनक उम्मीदवार आमने–सामने छथि। किशनगंज मे कांग्रेसक मोहम्मद जावेद, जदयूक मुजाहिद आलम आ एआईएमआईएम के अख्तरूल ईमान के मध्य त्रिकोणीय मोकाबिला अछि। ओतहि, पूर्णियां सीट पर निर्दलीय उम्मीदवार पप्पू यादव के उपस्थिति चुनाव के आकर्षक बना देलक अछि। एहि सीट पर पप्पू यादवक मोकाबिला जदयूक संतोष कुशवाहा आ राजदक बीमा भारती सँ अछि। कटिहार मे जदयूक निवर्तमान सांसद दुलालचन्द गोस्वामी आ कांग्रेसक तारिक अनवर के मध्य सोझे टक्कर अछि। भागलपुर मे जदयूक निवर्तमान सांसद अजय मंडल आ कांग्रेसक अजीत शर्माक मध्य मोकाबिला अछि। ओतहि, बांका मे जदयूक गिरिधारी यादव आ राजदक जयप्रकाश यादव आमने–सामने छथि।

---

दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर संसदीय क्षेत्र मे होबयवला चारिम चरणक लेल नामांकन पत्रक जाँच आई सम्पन्न भऽ गेल। चारिम चरणक मतदान तेरह मई कऽ होयत।

---

बीस मई कऽ होबयवला चुनावक पाँचम चरणक मतदानक लेल आइ अधिसूचना जारी होयबाक संगहि नामांकनक काज आरम्भ भऽ गेल अछि। उम्मीदवार तीन मई धरि नामांकन कऽ सकताह। नामांकन पत्रक जाँच चारि मई कऽ होयत। नाम वापस लेबाक अंतिम तिथि छओ मई अछि। एहि चरण मे प्रदेशक पाँच संसदीय क्षेत्र सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर मे मतदान होयत।

---

प्रदेश मे लोकसभा चुनावक तेसर आ चारिम चरणक लेल प्रचार अभियान तेज भऽ गेल अछि। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आई अररियाक फारबिसगंज मे एनडीए प्रत्याशी प्रदीप कुमार सिंह के समर्थन मे एक जनसभा के संबोधित कयलनि। प्रधानमंत्री अपन संबोधन में कहलनि जे जंगलराजक दौर के स्मरण कऽ बिहारक लोक आई सेहो सिहरि उठैत छथि। श्री मोदी कहलनि जे अररिया आ सीमांचलक लोकसभ नोकरीक बदला जमीन लिखवयबला परिवारवादी पार्टी सभके सबक सिखेबाक मन बना चुकल छथि।

---

सर्वोच्च न्यायालय आई वीवीपीएटी के पर्ची सभक संग इलेक्ट्रॉनिक वोटिंग मशीन–ईवीएम के आंकड़ाक शत–प्रतिशत मिलान बला याचिका सभ के खारिज कऽ देलक अछि। न्यायाधीश संजय खन्ना आ दीपांकर दत्ताक पीठ निर्वाचन आयोगक लेल दू निर्देश देलनि। न्यायालय कहलक जे ईवीएम मे सिंबॉल्स लोड कयल जयबाक बाद सिंबॉल लोडिंग यूनिट–एसएलयू के सील कऽ कंटेनर मे सुरक्षित राखि लेबाक चाही। एहि सील पर उम्मीदवार आ हुनक प्रतिनिधि सभक हस्ताक्षर होयबाक चाही। सील कयल गेल कंटेनर सभक परिणाम घोषित होयबाक कम सऽ कम पैंतालीस दिन धरि ईवीएम के संग स्टोर रूम मे राखल जयबाक चाही। न्यायालय जनौलक जे एहि कंटेनर सभ के ईवीएम जकाँ खोलल आ सील कयल जयबाक चाही। दू या तीन उम्मीदवार सभ के लिखित अनुरोध पर परिणाम सभक घोषणाक बाद ईवीएम निर्माताक इंजीनियर सभक द्वारा प्रत्येक विधानसभा निर्वाचक क्षेत्रक हिसाब सऽ बैलेट यूनिट आ वीवीपीएटी के जांच आ सत्यापन कयल जयबाक चाही।

एहि प्रकारक अनुरोध परिणामक घोषणाक बाद सात दिनक भीतर कयल जयबाक चाही। एहि प्रकारक अनुरोध पर होवयबला खर्च कँ उम्मीदवार वहन करताह। जँ ईवीएम सँ छेड़छाड़ कयल गेल अछि तऽ ओ खर्च उम्मीदवार के घूरा देल जायत।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।